

# SENGKALAN

(KAWRUH BAB PANGRAKITING SENKALAN)

Kelas XI Semester 2 (Genap)

विष्णुस्युपनाम

Punapa ta ingkang winastan sengkalan punika ?, sengkalan punika saking tetembungan sansekerta ( शक + काल ) *śaka + kāla*, *śaka* ateges salah satunggaling taun ingkang kaginakaken déning bangsa Hindu, wondéné *Kāla* tegesipun wekdal utawi pétangan. Tetembungan *śaka kāla*, lajeng banjur éwah dados *sangkalan* lan *sengkalan*.

Sengkalan punika saged dipuntegesi, tetembungan ingkang rinengga salebeting ukara lan nggadhahi teges angkaning taun. Déné pangrakiting sengkalan punika mawi cara walikan tegesipun anggènipun maos mawi sarana dipunwalik tuladhanipun :

Sengkalan angka taun 1975 minangka tetenger adeding SMA 2 Wonosobo ;

॥ लुङ्गिङ्गि वसिताम्बुकाबावणा ॥ (Lungiding Wasita Ambuka Bawana)

5        7        9        1

Tuladha sengkalan punika boten kawaos angka taun 5791nanging kawaos 1975, kok saged mekaten ?, kawruh sengkalan punika nggadhahi waton mekaten :

Ékan	Dasan	Atusan	Éwon
------	-------	--------	------

Dados sengkalan Lungiding Wasita Ambuka Bawana :

5        7        9        1

- Tembung *lungiding* punika nggadhahi watek 5 lan wonten papan *ékan* mila kawaos *gangsals* (5).
- Tembung *wasita* punika nggadhahi watek 7 lan wonten papan *dasan* mila kawaos *pitung dasa* (70).
- Tembung *Ambuka* punika nggadhahi watek 9 lan wonten papan *atusan* mila kawaos *sangangatus* (900).
- Tembung *Bawana* punika nggadhahi watek 1 lan wonten papan *éwon* mila kawaos séwu (1000).

Mila sengkalan nginggil kalawau kawaos angka taun *séwu sangangatus pitungdasa setunggal* atau *séwu sangangatus pitungpuluh lima*.

1. Manut wujudipun sengkalan kapérang dados 2 ( kalih ) ;
  - a. Suryasengkala, sengkalan ingkang kadamel kanggé nengeri angkaning taun surya.

*Tuladhanipun ;*

- Sengkalan angka taun 1825 minangka tetenger adeding Kabupaten Wonosobo ;

॥ पुसकानिङ्ग द्विपुजङ्गा न्यविवि ॥ (Pusakaning Dwi Pujangga Nyawiji)

		5        2        8        1
पुसकानि	nggadhahi watek	5
द्वि	nggadhahi watek	2
पुजङ्गा	nggadhahi watek	8
न्यविवि	nggadhahi watek	1

- Sengkalan angka taun 1957 minangka tetenger adeding DPRD Wonosobo ;

|| 𑊛𑊱𑊲𑊳𑊴𑊵𑊶𑊷𑊸𑊹𑊺𑊻𑊼𑊽𑊾𑊿 || (Sabda Pandhawa Raga Nyawiji)

			7	5	9	1	
𑊛𑊱	nggadhahi watek	7	} 1957				
𑊲𑊳	nggadhahi watek	5					
𑊴𑊵	nggadhahi watek	9					
𑊶𑊷	nggadhahi watek	1					

- b. Candrasengkala, sengkalan ingkang kadamel kanggé nengeri angkaning taun candra.

- Sengkalan angka taun 1400 minangka tetenger bedhahing Majapait ;

|| 𑊛𑊱 𑊲𑊳𑊴𑊵𑊶𑊷𑊸𑊹𑊺𑊻𑊼𑊽𑊾𑊿 || (Sirna Ilang Kartaning Bumi)

			0	0	4	1	
𑊛𑊱	nggadhahi watek	0	} 1400				
𑊲𑊳	nggadhahi watek	0					
𑊴𑊵	nggadhahi watek	4					
𑊶𑊷	nggadhahi watek	1					

- 2. Manut jinisipun sengkalan kapérang dados 3 ( tiga ) ;

- a. Sengkalan lamba, sengkalan ingkang kadamel salebeting ukara mawi tetembungan – tetembungan ingkang prasaja. Tuladhanipun ;

|| 𑊛𑊱𑊲𑊳𑊴𑊵𑊶𑊷𑊸𑊹𑊺𑊻𑊼𑊽𑊾𑊿 || (Buta Lima Naga Siji)

𑊛𑊱	nggadhahi watek	5	<i>buta</i> tegesipun sampun cetha
𑊲𑊳	nggadhahi watek	5	<i>lima</i> tegesipun sampun cetha
𑊴𑊵	nggadhahi watek	8	<i>naga</i> tegesipun sampun cetha
𑊶𑊷	nggadhahi watek	1	<i>siji</i> tegesipun sampun cetha

- b. Sengkalan miring, sengkalan ingkang kadamel salebeting ukara mawi tetembungan ingkang miring saking tetembungan watek sengkalan lamba. Tuladhanipun ;


|| 𑊛𑊱𑊲𑊳𑊴𑊵𑊶𑊷𑊸𑊹𑊺𑊻𑊼𑊽𑊾𑊿 || (Lungiding Wasita Ambuka Bawana)

- ✓ Tembung 𑊛𑊱𑊲𑊳𑊴𑊵 samu tegesipun kaliyan 𑊶𑊷𑊸𑊹 ingkang dipunkajengaken punika landheping *gaman*, wondéné 𑊴𑊵𑊶𑊷 utawi 𑊶𑊷𑊸𑊹 punika nggadhahi watek 5 (gangsals).

- ✓ Tembung **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** sami tegesipun kaliyan **ᮘ᮪ᮒ᮪ᮒ᮪** ingkang dipunkajengaken punika *pitutur jati*, wondéné **ᮘ᮪ᮒ᮪ᮒ᮪** punika wonten gegayutanipun kaliyan **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** lan **ᮘ᮪ᮒ᮪** utawi **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** ingkang nggadhahi watek 7 (pitu).
- ✓ Tembung **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** tegesipun sampun cetha mila nggadhahi watek 9 awit tembung **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** punika kajumbuhaken kaliyan **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** utawi **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** mila watek tembung **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** nggadhahi watek 9 (sanga).
- ✓ Tembung **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪** sami tegesipun kaliyan **ᮘ᮪ᮒ᮪** ingkang nggadhahi watek 1 (setunggal).

c. Sengkalan memet, sengkalan ingkang kadamel boten mawi piranti ukara, nanging adatipun awujud sesunggingan (gambar), reca, candhi, gedhong, lan sakpanunggalanipun. Wondéné maosipun saged dados sengkalan lamba punapadéné miring. Tuladhanipun ;


➤ Sengkalan memet angka tahun 1785 JW



Sengkalan memet nginggil punika boten kawaos *Dik Jalma tinunggangan Gajah* nanging kawaos *Dik Gajah Tinunggangan Jalma*, déné saged dipunandharaken kados ing ngandhap punika ;


- **ᮘ᮪ᮒ᮪ (dik)** → nggadhahi watek angka 5
  - **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪ (gajah)** → nggadhahi watek angka 8
  - **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪ᮒ᮪ (tinunggangan)** → nggadhahi watek angka 7
  - **ᮘᮞ᮪ᮒ᮪ (jalma)** → nggadhahi watek angka 1
- } 1785

➤ Sengkalan memet angka tahun 1941 Jawa ;



*Surya Catur Wiwaraning Jagad.*

➤ Sengkalan memet angka tahun 1975 M ;



*Panah pitu lawanging bumi*

Saklajengipun punapa ta kagunanipun sengkalan tumrap bebrayan agung Jawi, kagunanipun sengkalan punika antawisipun :

- a. Minangka sarana kanggé nengeri angkaning taun.
- b. Minangka sarana kanggé nengeri salah satunggaling kadadosan ingkang wigatos.
- c. Minangka sarana kanggé panyandraning kadadosan salebeting warsa.

Menawi badhé nyinaoni bab sengkalan kedah mangertosi bab setunggal lan setunggalipun watek – watekipun tembung, ing ngandhap punika sakpérangan watek – watek tembung ingkang asring kaginakaken salebeting ndamel sengkalan ;

1. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 1 (setunggal) kadosta ;

*Tunggal, Siji, Nyawiji, Gusti, Sujanma, Jalma, Wong, Semédi, Nabi, Rupa, Maha, Iku, Rat, Jagad, Bumi, Bawana, Surya, Candra, Kartika, Urip, Wani, Putra, Tyas, Kalbu, Wardaya. Raja, Ratu, Narpa. Lsp.*

2. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 2 (kalih) kadosta ;

*Kalih, Dwi, Asta, Nembah, Nyembah, Nétra, Caksu, Soca, Pandulu, Tingal, Paningal, Kembar, Myat, Swiwi, Peksi, Paksi, Paksa, Sikara, Dresthi, Kanthi, Apasang, Sungu, Talingan, Karna. Lsp.*

3. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 3 (tiga) kadosta ;

*Tiga, Tri, Bahni, Geni, Agni, Ujwala, Murub, Urub, Dahana, Payudhan, Yudha, Perang, Kaya, Kadya, Kadi, Bentèr, Kawruh, Guna, Wédha, Naut, Teken, Pawaka, Rananggana, Brama. Lsp.*

4. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 4 (sekawan), kadosta ;

*Papat, Pat, Catur, Wahana, Warih, Dadya, Kéblat, Suci, Wening, Nadi, Toya, Jaladri, Samodra, Tasik, Sindu, Marta, Karta, Masuh, Segara. Lsp.*

5. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 5 (gangsals), kadosta ;

*Lima, Gangsal, Panca, Pandawa, Wisik, Gati, Indriya, Parastra, Gaman, Panah, Pusaka, Lungid, Landhep, Guling, Diyu, Dik, Buta, Yaksa, Raseksa, Raseksi, Wil, Galak, Tata, Maruta, Bayu, Samirana, Angin, Marga. Lsp.*

6. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 6 (nem), kadosta ;

*Nem, Sad, Rasa, Hartati, Sarkara, Tikta, Obah, Oyag, Kayu, Wreksa, Prabatang, Lindhu, Mangsa, Naya, Wayang, Ilat. Lsp.*

7. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 7 (pitu), kadosta ;

*Pitu, Sapta, Prawata, Giri, Arga, Gunung, Acala, Pandhita, Resi, Wiku, Sogata, Swara, Dwija, Wulang, Mulang, Weling, Wasita, Tunggang, Titihan, Titih, Turangga, Aswa, Kuda, Jaran, Sabda, Muni. Lsp.*

8. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 8 (wolu), kadosta ;

*Wolu, Astha, Basu, Basuki, Slira, Murti, Bujangga, Pujangga, Manggala, Taksaka, Ula, Naga, Sarpa, Sawyer, Dwipa, Bajul, Liman, Dwipangga, Èsthi, Gajah, Dirada, Kunjara, Tanu, Madya. Lsp.*


9. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 9 (sanga), kadosta ;


*Sanga, Sang, Nawa, Déwa, Dwara, Lawang, Kori, Gapura, Lawang, Wiwara, Ambuka, Gandha, Puspa, Kembang, Kusuma, Bedhah, Muka, Rudra, Gatra, Menga, Mancep. Lsp.*


10. Tetembungan ingkang nggadhahi watek 0 (kosong), kadosta ;

*Ilang, Musna, Sirna, Nir, Murca, Mlethik, Langit, Akasa, Wyatt, Tawang, Kombul, Muluk, Nenga, Luhur, Duwur, Adoh, Swarga, Tanpa, Tan, Swuh, Suda, Windu. Lsp.*

Punika sakpérangan watek wantunipun tembung – tembung ingkang asring kaginakaken salebeting kawruh sengkalan, ing ngandhap punika minangka tuladha wujudipun sengkalan sanèsipun ;

➤  (Nir Musna Èsthi Raja) → 1800  
 ▼ ▼ ▼ ▼  
 0 0 8 1

➤  (Surya Catur Wiwaraning Jagad) → 1941  
 ▼ ▼ ▼ ▼  
 1 4 9 1

➤  (Dwi Naga Rasa Tunggal) → 1682  
 ▼ ▼ ▼ ▼  
 2 8 6 1